INDIANA DEPARTMENT OF WORKFORCE DEVELOPMENT

# Egzijans pou Elijibilite pou Asirans Chomaj

Byenvini nan Entwodiksyon ak Egzijans pou Elijibilite pou Asirans Chomaj Depatman Devlòpman Mendèv la. Yo rele Depatman Devlòpman Mendèv la “DWD” tou.

Tanpri gade videyo obligatwa sa a pou aprann kisa ou dwe fè pandan w ap reklame benefis asirans chomaj.



DWD se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY : 1-800-743-3333).
Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.

INDIANA DEPARTMENT OF WORKFORCE DEVELOPMENT

Videyo obligatwa sa a eksplike kisa ou dwe fè pandan w ap reklame benefis asirans chomaj. Pandan w ap gade, ekri kèlkeswa kesyon ou te ka genyen.

DWD se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY : 1-800-743-3333).
Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.

# Benefis asirans chomaj ka ede w.



Pèdi travay ka ba w ak fanmi w anpil estrès, men benefis asirans chomaj ka ba asistans finansye tanporè.

# Èske w elijib?

Pou w elijib pou benefis asirans chomaj, fòk ou:

- Nan chomaj san li pa fòt pa w;
- Te touche ase revni nan lepase resan;
- Konplete omwens de aktivite rechèch travay chak semèn; epi
- Kapab epi disponib pou w travay, sa enkli kapab epi disponib pou ale nan reyinyon ki pwograme avèk DWD.



Kiyès ki elijib?

Pou kalifye pou benefis asirans chomaj, fòk ou satisfè egzijans sa yo:

- Nan chomaj san li pa fòt pa w;
- Te touche ase revni nan lepase resan;
- Konplete omwens de aktivite rechèch travay chak semèn; epi
- Kapab epi disponib pou w travay, sa enkli ale nan kèlkeswa reyinyon ki pwograme avèk DWD.



Fòk ou konplete omwens de (2) aktivite rechèch travay chak semèn pou w rete elijib pou benefis chak semèn.

DWD INDIANA DEPARTMENT OF WORKFORCE DEVELOPMENT

Apre w fin aplike pou benefis asirans chomaj, fòk ou konplete omwens de (2) aktivite rechèch travay chak semèn pou w rete elijib pou benefis chak semèn.

Kòmanse aktivite sa yo imedyatman apre w depoze aplikasyon w pou benefis asirans chomaj.




An nou gade kèk nan paj demandè yo... Fòk ou rapòte aktivite rechèch travay w pandan semèn ki fenk sòt pase a pandan w ap soumèt koupon ou pou semèn aktyèl la anliy. Seksyon anfaze nan koulè jòn nan koupon an endike semèn repons ou yo aplikab pou li.

Nan koupon chak semèn ou a, ou pral konfime ke ou te konplete omwens de (2) aktivite rechèch travay epi ou te kapab e ou te disponib pou w te travay pandan semèn spesifik sa.

**Anplis de sa, fòk ou rapòte kèlkeswa salè ou te touche pandan semèn nan** epi konplete pwosesis koupon an chak semèn pou w mande peman benefis.



WorkOne

WORK SEARCH ACTIVITY LOG

Claimant Name: Claimant Email:

Work Search Activity Log for Week Beginning Sunday Through Saturday

*Work Search Activity Guidelines: You must keep a weekly log for six months listing your work search activities for every week you file a voucher for UI benefits (you must complete at least two activities each week, but should track all that you complete). The log can be requested by the Department of Workforce Development at any time. Failure to do so can result in denial of unemployment insurance benefits. You are encouraged to complete any work search activity which better positions you for or secures full-time work. For more information visit: www.unemployment.in.gov*

ACTIVITY #1

**Items with a * require more information below*

Choose an Activity: Date Completed:

Activity or Employer Name: Location of Activity or Employer: Contact Information: Contact Name, Phone Number, Email, Web Link

ACTIVITY #2

**Items with a * require more information below*

Choose an Activity: Date Completed:

Activity or Employer Name: Location of Activity or Employer: Contact Information: Contact Name, Phone Number, Email, Web Link

ACTIVITY #3

**Items with a * require more information below*

Choose an Activity: Date Completed:

Activity or Employer Name: Location of Activity or Employer: Contact Information: Contact Name, Phone Number, Email, Web Link

*After completing your weekly log you must save a copy for your records.*

SAVE AS PRINT [04/2024]



Benefis asirans chomaj fèt pou yo ede w tounen travay. Se sa k fè ou oblije konplete omwens de (2) aktivite rechèch travay chak semèn. Gade videyo Rejis Rechèch Travay la pou plis enfòmasyon sou aktivite rechèch travay ki akseptab ak kòman pou kontwole yo.

Epitou, fòk ou kapab e fòk ou disponib pou w travay tan plen chak semèn, sa vle di ou kapab ni fizikman ni mantalman. Pandan w ap soumèt koupon w, ou pral wè egzanp sou kijan pou adrese kèlkeswa barye ki te ka anpeche w travay tan plen.




Pandan w ap chache travay, ou ka petèt gen opòtinite pou travay tan pasyèl oubyen travay tanporè.

Fòk ou rapòte tout travay ou fè pandan semèn ki sou koupon ou an, menm si w poko touche pou li. Sa a enkli rapòte salè total nan travay sa. Fè si ou ajoute enfòmasyon sa yo nan kalandriye istorik anplwa w.

Fòk ou rapòte revni brit – montan ou te genyen anvan yo retire taks ak dediksyon – pa lajan pou pòte lakay w.

Pa egzanp, ou te travay yon travay tan pasyèl pou 10 èdtan pandan semèn nan epi w te touche $12 lè.

Lè w soumèt koupon a pou semèn sa, ou dwe rapòte konsa, ou te travay 10 èdtan a $12 lè pou revni brit $120. **Fòk ou rapòte revni sa menm si w poko touche.**

## Toujou repòn tout kesyon sou koupon yo avèk presizyon e verite.



Toujou repòn tout kesyon sou koupon yo avèk presizyon e verite.

Si w rapòte fo enfòmasyon oubyen pa mete detay pou w ka touche benefis, ou pral oblije remèt lajan sa, avèk enterè ak sanksyon anplis, si yo detèmine ou te fè sa avèk tout konesans.

Lè w presi ak onèt pandan w ap soumèt koupon ou chak semèn, li pwoteje ni ou menm ni entegrite pwogram benefis asirans chomaj la.




Pwiske ou depoze yon reklamasyon pou asirans chomaj, enskripsyon w nan Indiana Career Connect kòmanse deja. ICC se sistèm jesyon dosye pèsonèl WorkOne yo itilize pou yo jere aktivite WorkOne ou yo.

- Si w pa gen yon kont ICC deja, yo kreye youn pou w otomatikman lè w depoze reklamasyon asirans chomaj ou.  (Si w gen yon kont ki egziste deja, ou ka oblije mete ansyen non itilizatè w ajou epi sèvi ak adrès imèl ou te itilize pou reklamasyon asirans chomaj ou).
- Yo kreye kont ou avèk enfòmasyon ou te bay lè w te depoze reklamasyon asirans chomaj ou.
- Pou konekte sou IndianaCareerConnect.com, sèvi ak menm non itilizatè ak modpas ak sa ou sèvi pou reklamasyon asirans chomaj ou.
- Ou ka itilize ICC pou kreye yon kourikoulòm vitè epi fè li vizib pou anplwayè.
- Chache travay avèk lis travay ki nan baz done ICC a.
- Epitou, ou ka mete yon rekritè vityèl ki pou ede w korespòn kourikoulòm vitè ICC ou ak travay ki afiche nan ICC epi resevwa notifikasyon pa SMS oubyen imèl.

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou itilize ICC, gade Videyo 3 – Gid Indiana Career Connect.



Pou Enfòmasyon ak Resous Jeneral sou Pwogram RESEA :
in.gov/dwd/indiana-unemployment/resea/

INDIANA DEPARTMENT OF WORKFORCE DEVELOPMENT

Si yo chwazi w pou w patisipe nan RESEA (Sèvis Re-anplwa ak Evalyasyon Elijibilite (*Reemployment Services and Eligibility Assessment*)), ou pral resevwa yon pakè enfòmasyon nan adrès postal ki nan kont IndianaCareerConnect.com ou a oubyen pa imèl nan adrès imèl ou itilize pou reklamasyon asirans chomaj ou.

Pakè enfòmasyon ou enkli:

- Yon lèt avèk lè a, dat la, ak kote reyinyon ou ap fèt;
- Yon lis bagay pou pòte ansanm avèk ou;
- Devwa pou w konplete epi pòte ansanm avèk ou
- Enfòmasyon sou kòman pou mande asistans lengwistik oubyen lòt akomodasyon.

Kontakte Navigatè Sèvis Anplwa nan adrès imèl ki parèt nan pati anba a nan lèt notifikasyon w ***ANVAN DAT REYINYON W*** *si:*

- Ou pa ka ale nan reyinyon an nan lè ak kote pwograme ki nan lèt la epi w bezwen diskite sou opsyon pou ranvwaye li; oubyen

- Ou kwè yo pa te sipoze chwazi w pou w patisipe nan RESEA epi w vle diskite sou renonse egzijans lan pou w ale ou dwe kontakte Navigatè Anplwa ki gen non li parèt nan pati anba nan lèt notifikasyon w anvan randevou w ki pwograme a.

- Pou enfòmasyon ak Resous Jeneral sou Pwogram RESEA, tanpri ale sou: www.in.gov/dwd/indiana-unemployment/resea/ pou plis enfòmasyon.

*Tanpri REMAKE: Fòk imèl la genyen yon so avèk lè ak dat anvan lè reyinyon w ki pwograme a pou nou konsidere li yon demann nan delè apwopriye.*

# Èske w gen kesyon sou UI?

Ale sou: in.gov/dwd/contact-us/




Nou la pou nou soutni w! Si w gen kesyon, nou kontan ede w.

Tanpri sèvi ak resous nan lis la pou kontakte Divizyon Asirans Chomaj la oubyen enfòmasyon kontak DWD jeneral la pou asistans.




WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal. Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a.
Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou, oubyen voye plent ou nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)

U.S. Department of Labor

200 Constitution Avenue NW

Room N- 4123, Washington, DC 20210

DWD
INDIANA DEPARTMENT OF
WORKFORCE
DEVELOPMENT

Ou fini premye videyo a sou Egzijans pou Elijibilite pou UI. Tanpri gade pwochen videyo a sou Rejis Rechèch Travay UI.